

Lekòl Piblik Boston

Rezo Resous Edikasyon pou Moun ki San Lojman/Sanzabri (Homeless Education Resource Network, HERN)

Brian Marques

Direktè an Chèf Depatman Opòtinite pou Lajenès
("Youth Opportunity")





Vizyon Stratejik

Vizyon

Chak lekòl nan distri a ap gen kapasite imen ak kapasite resous pou reponn a bezwen elèv ki san lojman, nan yon fason siyifikativ, nan fason n ap mete tout elèv sou yon chemen klè pou yo kapab reyisi lekòl.


Misyon

Konekte lekòl yo ak fanmi yo a resous ak fòmasyon apwopriye, dekwa pou sikonstans sa yo pa defini elèv sila yo ki san lojman, men pito pou yo gen kapasite ak yon opòtinite ekitab pou yo aprann, reyisi, e evolye.

Priyorite yo

- **Devlope kapasite nan lekòl yo pou ogmante aksè nan divès resous, sèvis, ak sipò pou elèv ak fanmi sila yo ki san lojman.**
- **Devlope divès sistèm ak strateji pou plis kominikasyon ak kolaborasyon kapab fèt, an entèn, pami divès domèn fonksyonèl andedan distri a ak lekòl yo, e an entèn, pami divès patnè kominotè, pati enterese, ak lidè.**
- **Ogmante plis konesans sou sèvis ki anrapò avèk kondisyon sanzabri ak dwa elijibilite pami elèv yo ak fanmi yo, lidè lekòl yo, manm pèsònèl ki bay sipò yo ak pati enterese kle yo.**
- **Aliyen divès sèvis nan nivo lekòl yo ki rapid e ki reponn a bezwen tout elèv, pou elimine divès inikite (enjistis) ki ta egziste.**
- **Redui mankman nan opòtinite yo nan fason nou adopte yon apwòch ki baze sou resous pou amelyore ranman elèv yo nan edikasyon yo ak nan lavi a.**
- **Apwoche travay la nan yon pwennvi ki wè kòman kriz lojman ak ogmantasyon pri kay afekte divès fanmi plis pase sila yo k ap travèse yon eta povrete ekstrèm.**

Yon Modèl Jant ak Reyon



Sa Nou Fè

Rezo Resous Edikasyon pou Moun ki San Lojman (HERN) :

- Kowòdinasyon avèk yon rezo [175 liyezon nan lekòl yo pou moun ki san lojman](#)
- [Bwat Zouti HERN pou Lekòl yo](#)
 - Fon pou kondisyon san lojman ki distribye nan bidjè lekòl yo
- Asire stabilite ak aksè nan edikasyon
 - Enskripsyon imedya
 - Transpòtasyon
- Divès pwogram ak resous spesyalize
- Jesyon dosye, konsiltasyon, ak referans
- Navigasyon dosye konplike
- Pwovizyon divès bezwen debaz
- Kowòdinasyon avèk patnè kominotè yo ak divès ajans vil la ak divès ajans eta a



Resous ak Sipò

- Divès Sèvis ak Resous nan Tout Vil la
- Aksè a Manje
- Aksè a Teknoloji
- Atik Rad ak Atik Ijèn
- Resous pou Sipò Lojman :
 - Voucher pou Lojman
 - Pwogram pou Asistans Ijan
- Resous pou Fanmi Imigran
- Swen Medikal ak Swen Sante
- HelpSteps (yon app ki konekte moun a divès asistans)
- Aksè priorityè a divès pwogram BPS



Idantifikasyon

Ane	Ane Skolè 2016-2017	Ane Skolè 2017-2018	Ane Skolè 2018-2019	Ane Skolè 2019-2020	Ane Skolè 2020-2021
Kantite Elèv ki san lojman	3.200	4.100	4.500	4.200	4.000
Elèv ki pou kont yo	12	<10	41	70	88

- **Yon meyè idantifikasyon atravè :**
 - **Plis aksè nan done lekòl yo**
 - **Divès pwosesis senplifye pou idantifikasyon ak referans**
- **Idantifikasyon se premye etap pou konekte sèvis esansyèl yo**

Kèk Apèsi nan Done yo

- **Etnisite** : Elèv ki san lojman gen yon reprezantasyon pami elèv koulè yo ki dispwopòsyone, 95% konpare a 85% pami tout elèv distri a
- **IEP (Plan Edikasyon Pèsonalize)** : Nou wè kèk to pi wo pou elèv ki gen IEP (Plan Edikasyon Pèsonalize) pami sila yo ki san lojman (23%) konpare a tout elèv Lekòl Piblik Boston yo (21%).
- **ELD (Devlopman Lang Angle)** : Elèv ki san lojman nan pwogram Devlopman Lang Angle yo (ELD) gen yon to ki pi wo, 42%, lòske nou konpare yo ak tout elèv yo (32%).
- **Prezans** : Nan tout rejyon Lekòl Piblik Boston yo, elèv ki san lojman yo genyen mwens prezans pase kamarad yo. Nan tout rejyon yo, to prezans lan an mwayèn pou elèv ki san lojman 3,5% pi ba pase mwayèn distri a.
- **Nivo Egzamen MCAS** : Nòt MCAS elèv ki san lojman yo pi ba lontan pase nòt kamarad yo. Pou angle, gen 21,5% mwens elèv ki san lojman ki bay rannman ki nan nivo « konpetan » oswa « avanse ». Pou syans, li 24,2% mwens nan nivo « konpetan » oswa « avanse », pandanke nan matematik gen 33,0% mwens elèv ki san lojman ki fè nòt nan nivo « konpetan » oswa « avanse ».

Stabilizasyon Lojman

Rezo Resous Edikasyon pou Moun ki San Lojman
(Homeless Education Resource Network, HERN)
Depatman Opòtinite pou Lajenès



Pwogram Entèvansyon Bonè kont Kondisyon Sanzabri (EHIP)

- Patenarya avèk òganizasyon Family Aid Boston
- Referans senplifye fèt atravè liyezon ki an chaj afè kondisyon san lojman nan lekòl yo
- Elèv ki pa Elèv Lekòl Piblik Boston
 - Jesyon dosye yo nan yon fason ki pèsonalize
 - Sipò okonplè pou elèv yo ak fanmi yo
 - Sipò pou stabilizasyon lojman, ki enkli aksè a voucher
 - Aksè a swen sante, swen pou timoun ak divès lòt sèvis
 - Asistans ijan pou stabilizasyon lojman pou fè prevansyon kont kondisyon san lojman
 - Sa enkli asistans finansye pou fanmi ki pa elijib pou pwogram vil la oswa pwogram eta a.
 - Sipò pou angajman avèk mèt kay ak pou rezolisyon pwoblèm
 - Abri pou kriz
 - Sipò pou anplwa ak pou fòmasyon




Patenarya pou Voucher Lojman

Tip Voucher a	Kantite Voucher ki Akòde	Fanmi ki Loje*
Seksyon 8	576	546
Voucher Lojman pou Ijans (EHV) - Nouvo	60	4
Divès Voucher Vil la Bay	15	6

**Total la depi jen, 2020*

- Patenarya ant Otorite Lojman Boston an (Boston Housing Authority, BHA), Lekòl Piblik Boston, ak divès ajans kominotè.
- Pa gen restren parapò ak afè sitwayènte pou voucher vil la yo.
- Sèvis kontinyèl jesyon dosye yo enkli : asistans pou ede ranpli fòmilè demann, pou chèche lojman ak pou referans/enskripsyon nan divès sèvis okonplè siplemantè.
- Chanjman nan regleman Vil Boston ki te fèt an 2020 te rann tout fanmi Lekòl Piblik Boston elijib anba definisyon « san lojman » McKinney-Vento a, ki enkli tou 2 fanmi k ap viv ansanm.
- Plis pase 80% arive obteni lojman nan Boston.

Chema Desizyon pou Bezwen Lojman



Inisyativ Stratejik

Rezo Resous Edikasyon pou Moun ki San Lojman
(Homeless Education Resource Network, HERN)
Depatman Opòtinite pou Lajenès



Inisyativ yo

- ***Aksè Priyoritè :***
 - **Pwogram Ete Lekòl Piblik Boston :** Prèske 900 elèv ki san lojman te patisipe nan ane skolè 2020-2021 ; ki depase 400 ki te patisipe nan ane skolè 2019-2020 an.
 - **Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo :** Enskripsyon te ogmante pa 34%, sot nan ane skolè 2020-2021 rive nan ane skolè 2021-2022.
 - **Divès Kat P-EBT :** Ke plis pase 90% elèv ki san lojman te aktive.
 - **Divès Òdinatè Chromebook ak Pwen Wi-Fi (« Hotspots »)**
 - **Divès Valiz Lekòl, Manto Ivè ak Divès Bezwen Debaz :** Plis pase 3.000 valiz lekòl ak manto ivè te distribye chak ane ; divès atik ijèn, tenis, ak divès lòt atik ankò.
- **Konsèy Akademik avèk yon Aksan sou Opòtinite pou Lajenès**
 - Ki te kreye pou reponn a bezwen elèv sila yo ki glen plis priyorite nan tout Lekòl Piblik Boston, pami yo : elèv ki san lojman.
 - Avèk yon apwòch "no wrong door" (« pa gen move pòt ») parapò a enterè elèv yo ak pwosesis rekritman an, elèv yo genyen lib abit pou yo gide pwosesis konpatibilite a atravè eksperyans, preferans, ak karektistik patikilye ke yo menm yo viv.

Inisyativ ki Met Aksan sou Jèn yo

Rezo Resous Edikasyon pou Moun ki San Lojman
(Homeless Education Resource Network, HERN)
Depatman Opòtinite pou Lajenès



Zouti Triyaj pou Lajenès

- Divès Materyèl :
 - [Gid pou Itilizatè yo](#)
 - [Kesyon Moun Poze Souvan \(FAQ\)](#)
 - [Zouti Triyaj](#)
- Objektif :
 - Yon konvèsasyon gide
 - Etabli konfyans ak bon rapò (bòn relasyon)
 - Met aksan sou sekirite imedyà dabò
 - Asire ke gen yon imaj okonplè konsènan nesite pou referans yo
- Divès Seksyon Zouti Triyaj la :
 - Plan Sekirite an ka Ijans
 - Yon Evalyasyon Bezwen yo
 - Gid Elijibilite pou Pwogram Lojman an



Unaccompanied Student Emergency Safety Plan

This Emergency Safety Plan can help you identify and connect students experiencing homelessness with immediate and long-term supports. Before starting, remind the student that all of the questions are voluntary and they can choose what to share or not share. If possible, help the student make referral calls and follow up to make sure a connection is made.

Who is requesting support? Student Family (switch to family assessment)

Do you feel comfortable talking to me about what's going on? Yes No

Section 1: Determine if the situation requires an immediate safety response:

1. Are you currently living with a parent, guardian, or foster parent? Yes no sometimes
2. Where did you stay last night? _____
3. How long did you stay there? _____
4. Do you know where you are staying tonight? _____
5. Do you feel safe there? Yes no sometimes
6. Are you ok with me calling your parent? Yes no I don't know

If the student does not have a safe housing plan for tonight, move on to Section 2. If they do, skip to Section 4.

Section 2: Brainstorm together about possible safe housing options for the night. Use these questions to help identify safe people to stay with temporarily.

- Where have you been staying over the past few weeks? Could you stay at any of those places again?
- If transportation wasn't an issue, do you have family you might be able to stay with?
- Do you think any of your friends would let you sleep over tonight?
- How long do you think you could stay there?

If the student or family identifies someone they might be able to stay with, help them call that person and ensure that they have transportation to get there.
If the student or family can't stay with friends or family, move on to Section 3. If they can, skip to Section 4.

Section 3: Identify possible emergency shelter options.

Unaccompanied under 18 y/olds	Unaccompanied 18-24 y/olds
Text 44357 for Safe Place, call 1-800-RUNAWAY or call Bridge Over Troubled Waters (617-423-9575). In about 20-30 minutes, a youth counselor can arrive to talk with the youth, and, if necessary, provide transportation to a youth shelter for counseling, support, or a place to stay.	Bridge Over Troubled Waters (617-423-9575) provides emergency youth shelter—download their app or call M-F 9-4:30; Y2Y Harvard Square (currently open, sometimes closes in summer; 617-864-0795) also provides emergency youth shelter— you must call b/w 9-9:30pm to get on the lottery— see their website for details

Over 18 year olds are also eligible to stay at single adult shelters in the area

Section 4: Make sure that wherever the student is planning to stay tonight, they are as safe and prepared as possible. Use these questions as a guide:

1. Where are you going to try to stay tonight?
2. How will you get there?
3. What is your back up plan?
4. Who will you call if it starts to feel unsafe?
5. Is your phone charged?
6. I have these basic supplies—do you need them?
7. If you take medication, do you have access to it?
8. How will you get to school tomorrow?
9. For current and future emergencies, have students download the free [Bridge Over Troubled Waters app](#) and the [211 HelloSigns app](#) to have when they need it.

Kamarad Navigatè pou Lojman

- Se pwen kowòdinasyon kritik ant lekòl yo ak inisyativ pou Leve Defi yo (« Rising to the Challenge initiative »)
- Depi ane skolè 2018-2019, nou sèvi plis pase 200 jèn
- Chak ane genyen yon ogamantasyon jèn ki pou kont yo, sot nan 41 rive a 88
 - Yon ogmantasyon 700% depi ane skolè 2016-2017 la
- Referans yo soti nan tout lekòl segondè Lekòl Piblik Boston yo
- Li te kontinye aleka pandan fèmte lekòl yo.
- Sèvis yo enkli :
 - Sipò pou chèche lojman ak pou stabilizasyon
 - Kat kado pou fè pwovizyon (pou fè makèt), atik ijèn, ak pwodui pou kay.
 - Konesans debaz sou afè finansye
 - Suivi kontinyèl ak siveyans pwogrè elèv yo ap fè nan afè lekòl yo
 - Divès sèvis anplwa pou jèn moun

Nou la pou n ede

- **POU W FÈ YON DEMANN POU ASISTANS :**
 - **Rele (617) 635-8037**
 - **Voye yon imel bay Kedan Harris, Asistan Direktè a, nan adrès imel : (kharris@bostonpublicschools.org)**